



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE KLEMANS POU TRÈZ MOUN

Li kontinye akonpli angajman pou akòde klemans sou yon baz kontinyèl

Baze sou efò Gouvènè a pou refòme pwosesis klemans lan, tankou konvoke yon Komite Konsiltatif ki gen ladan Ekspè san Patipri, dedye lòt resous imèn ak ogmante kominikasyon avèk aplikan yo

Depi lè li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te akòde yon total 120 klemans

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te akòde padon pou 11 moun ak yon komitasyon pou de moun. Aksyon sa a rekonèt moun ki demontre remò, ki bay egzanp reyabilitasyon epi ki montre yon angajman pou amelyore tèt yo ak kominote yo. Aprè mizanplas refòm pwosedi yo pou ranfòse pwosesis klemans lan, Gouvènè Hochul te akòde yon total 120 klemans pandan manda li.

"Aprè yon analiz apwofondi ak anpil refleksyon yon gwoup ekspè endepandan te fè, mwen akòde klemans (gras) bay 13 moun ki montre yo gen regrè, yo chanje konpòtman yo, epi yo amelyore tèt yo ak kominote yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Depi lè mwen te antre an fonksyon, Administrasyon mwen an te fè chanjman enpòtan nan pwogram gras Nouyòk la pou rann pwosesis la pi efikas, jis, epi transparan, epi mwen rete angaje pou m travay avèk fòs lòd la, gwoup dwa viktim yo, pwokirè yo ak defansè refòm yo pou asire yon pwosesis gras ki jis e responsab pou tout moun k ap chèche soulajman nan Nouyòk."

Biwo Gouvènè a te franchi yon kantite etap pou amelyore transparans ak kominikasyon nan pwosesis klemans lan. Biwo Klemans Egzekitif (Executive Clemency Bureau) la te aplike yon nouvo politik pou voye lèt regilye bay moun ki gen aplikasyon pou klemans, pou enfòmasyon sou sityasyon ka yo, epi bay enfòmasyon sou fason pou soumèt enfòmasyon siplemantè pou sipòte aplikasyon pa yo. Biwo Gouvènè a te lanse tou yon [sit entènèt ki ajou pou](#) ede moun ki aplike pou klemans yo nan pwosesis aplikasyon an; sit sa a gen ladann modèl fòm aplikasyon pou demann klemans pou bay moun ki gen entansyon aplike yo pi bon gid sou ki enfòmasyon yo dwe mete lè y ap depoze dosye yo.

Gouvènè a te konvoke tou yon Komite Konsiltatif pou Klemans (Clemency Advisory Panel) ki gen ladann ekspè san patipri pou ede konseye Gouvènè a sou aplikasyon

klemans yo. Aprè rekòmandasyon Komite Konsiltatif pou Klemans lan, Gouvènè Hochul ap akòde klemans pou 13 moun.

Padon yo

Moun ki resevwa yon padon jodi a viv yon lavi san yo pa komèt krim pandan yon bon bout tan — nan pifò ka yo pandan plis pase 25 ane — epi yo demontre kontribisyon pozitif nan kominote yo. Plizyè nan moun k ap resevwa padon jodi a te kondane pou yon deli pandan yo t ap viv nan Eta Nouyòk, men depi lè sa yo te demenaje ale nan lòt eta. Tout moun ki resevwa padon kontinye sibi enpak negatif pa kondanasyon kriminèl yo malgre yo te fin pije santans yo avèk siksè plizyè ane de sa. Padon Gouvènè a akòde yo pral ede soulaje difikilte sa yo.

Peter Asan, 60 an, te kondane pou Tantativ Vòl nan Premye Degre an 1989.

Rolando Perdomo, 67 an, te kondane pou Agresyon an 1988 ak Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Dezyèm Degre ak Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Setyèm Degre an 1985.

Vivian Jackson, 67 an, te kondane ant 1992 ak 1999 pou Tantativ Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre (4 fwa), Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Setyèm Degre (5 fwa), Degradasyon Byen nan Twazyèm Degre, ak Antre sou Pwopriyete Moun san Pèmisyon nan Twazyèm Degre.

Dolly Castrillon, gen 45 zan, yo te kondane li pou Tantativ Lavant Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 1996.

Jawid Naim, 48 ane, te kondane pou Vòl nan Dezyèm Degre an 1995.

Michael Elias, 54 ane, te kondane pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Katriyèm Degre ak Posesyon Kriminèl yon Zam nan Twazyèm Degre an 1988.

Sixto Carrasquillo Jr., 56 ane, yo te kondane li pou posesyon kriminèl yon zam nan twazyèm degre an 1988.

Edwin Buxo, 57 ane, yo te kondane li pou Tantativ Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Twazyèm Degre an 1997.

Denise De Simone Fierro, 60 an, yo te kondane li pou de akizasyon pou vant kriminèl yon sibstans kontwole nan senkyèm degre an 1987.

Dr. Eduardo Rocha, 57 ane, yo te kondane li pou Posesyon Kriminèl yon Sibstans Kontwole nan Dezyèm Degre an 1986.

Ruben Lindo, 40 an, te kondane pou gwo vòl nan katriyèm degre an 2012 ak 2007.

Atenyasyon Pèn yo

Terrance Cole, 59 an, te kondane pou kat akizasyon kanbriyolaj nan dezyèm degre an 2014. Mesye Cole se yon veteran Fòs Ayeryen Ameriken ki te sèvi nan lame a pandan katran. Kèk lanne apre li te fin kite lame ak yon sètifika onorab, Mesye Cole te kòmanse batay ak yon depandans nan dwòg ewoyin. Kondanasyon li soti nan enkapasite li pou simonte yon pwoblèm abi sibstans. Yo te kondane l a 20 ane prizon pou lavi kòm yon delenkan residivis. Li gen plis pase 11.5 ane prizon kounye a. Pandan li te nan prizon, li te pouswiv etid li epi li te jwenn diplòm asosye li. Dapre santans orijinal li a, Mesye Cole pa t ap wè Konsèy Libète Pwovizwa a jiska 2034, lè li t ap gen 70 ane, Yo chanje santans li a pou pèmèt li gen yon opòtinite pi bonè pou l parèt devan Konsèy Libète Pwovizwa a pou ke Konsèy la ka pran yon detèminasyon pou konnen si li apwopriye pou libète pwovizwa a.

Raphael Jackson, 53 ane, yo te kondane li pou Posesyon Kriminèl yon Zam nan Dezyèm Degre. Yo te kondane l a 16 ane prizon pou lavi kòm yon delenkan residivis. Depi li te jèn, Mesye Jackson te viktim vyolans domestik e li te ekspoze a itilizasyon dwòg. Li te vin depann sou kokayin krak lè l te gen 16 an, e sa te pouse l komèt plizyè ofans. Li gen plis pase 10 ane prizon kounye a san okenn enfraksyon disiplinè. Pandan li te nan prizon, li te kòmanse pran lafwa kretyen li oserye, kote li te ede lòt prizonnye kòm asistan chapèl la. Li te vin pasyone pou zafè lalwa tou, kote li te travay kòm asistan parajiris epi apre sa kòm grefye nan bibliyotèk dwa a; li te bay lòt prizonnye asistans legal pandan pifò tan li pase nan prizon an. Dapre santans orijinal li a, Mesye Jackson pa t ap wè Konsèy Libète Pwovizwa a jiska 2031, lè li t ap gen 60 ane. Yo chanje santans li a pou pèmèt li gen yon opòtinite pi bonè pou l parèt devan Konsèy Libète Pwovizwa a pou ke Konsèy la ka pran yon detèminasyon pou konnen si li apwopriye pou libète pwovizwa a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)